

RAGAD ADVERTENTIE:

Kabar premili: 1 - 30 temboeng f 1.-
Langkoengpoen, saben 10 temboeng oetawi
kirang: f 0.50.

Advertentie limrah: f 0.15 sagaris:
(apes: f 1.25).
Moendoet kapatjak langkoeng saking sa-
pisan, oetawi moendoet dados lengganan,
teping rembag roemijn kalijan admini-
stratie.

Hoofdredacteur:

B. SOEMARNA
kabantoe
REDACTIE - COMMISSIE.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

ISINIPON:

Panggoela-wentahipoen bangsa wanita—Miss Maret Bondfield—Tjeta—Radja poetri—De communistische Internationale—Loerah doesoen tjeelika—Economie roemijn—Mantjawarni—Néka—warni—mBikak siti—Verslag parepatan ing Semarang—Verslag ing Soerabaja—Kosékipoen Gemeente Raad ing Betawi—Ontjen—Oerap-sari—Correspondentie.

LARASATI.

PANGGOELA WENTAHIPOEN BANGSA WANITA.

Ing ngriki temtoenipoen koela boten ngrembag pamoelasaranipoen wanita, nalika taksih alit (laré), djer poenika sami kémawon toemindakipoen kalijan panggoela-wentahipoen laré djaler; prakawis poenika sampoen tiekap goebahan, ingkang kawrating S. T. ngadeng: „bab panoentoening laré.” Ingkang badé koela rembag ing riki manawi laré éstri sampoen mangsanipoen saged sekolah.

Adjengipoen sekolahan poenika dèréng dangoe. 20 taoen kapengker sekolahan H. I. S. poenika nama saweg gatra. Ing nalika poenika inggil-tinggilipoen kanggé anak priboemi saweg sekolahan radja(kweek-school) lan oplèdeng. (Koela boten ngrembag sekolahan kanggé bangsa Welandi). Sekolahan angka II kémawon taksih langka lan namoeng doemoegi klas IV. Ing kita - kita bokmanawi wonten salah-satoeng-giling sekolahan ingkang wonten klasipoen V lan VI, la poenika dipoenwastani sekolahan angka I. Sekolahan radja ing Ngajodja poenika roemijn sampoen nama peng-peungan; poenapa malih manawi sampoen tamat saking ngrikoe, angsal diploma, ladjeng nama candidaat, benoem blandja f 25 (salangkoeng roepijah). Wah, ngébat-ébataken, méninaken.

Let sawatasiswa taoen wonten modél baroe, nama sekolahan H. I. S. sasampoenipoen poenika teroes moeloek ndedel; djaman samangké sekolahan toempek oendoeng, boten kénging kawitjal sasatiipoen; ananging poenapa sekolahan semanten poenika sampoen nama njekapi kanggé tanah-woetah rab kita, ingkang djiwanipoen majoeta - joeta? dèréng sekolahan angka II ngambra-ambra; H. I. S. katah; K. W. S.; H. K. S.; A. M. S.; T. S. sekolahan loehoer kémawon inggih sampoen dipoenwonteni. Landbouwsch. poenika sampoen roemijn wontenipoen, awit tijang sepoeh koela sampoen meningi lan sekolah wonten ing riki; déné ingkang dipoenanggém ladjeng, sanès basa Landi kados sapoenika.

20 taoen kapengker dados taksih langka sekolah-sekolahan; mila laré ingkang badé mlebet sekolah, kapexa mlampah tebih. Senadjian sampoena inggih taksih katah ingkang makaten, nanging poenika pados pangadjaran tjara Landi; sareng roemijn namoeng mlebet sekolahan angka II kémawon, kedah malampah kalih oetawi tigang djam dangoenipoen. Poenapa malih ratjak ingkang klebet anakipoera para tjepong dameil; tijang alit ngrekaos nglebetaken anakipoen.

Poenapa 20 taoen kapengker sampoen wonten laré éstri ingkang sampoen mlebet sekolah? Sampoen; ananging awis-awis sanget, toer namoeng poetraniipoen prijantoon kémawon ingkang kalebetaken, prijantoon ingkang madjeng.

Koela kénégetan, nalika koela sekolah ing angka II. Kantja koela prasasat boten wonten; klas IV laré éstri namoeng koela pijambak; klas III satoenggal lan klas II inggih namoeng satoenggal, sarta kalih-kalihipoen waoe sadérèk koela sedaja, malah adi koela. Mila samanten koela laré tiga sanget kepentjil. Wantji éndjing manawi badé pangkat sekolah ndadak béka, lelawa sanget; inggih boten maiben, awit ing nalika poenika koela mijambak; saben dinten neda dipointeraken, sijang neda kapetoek, margi saking

adjrihipoen, manawi dipoenbebéda laré sanès wonten ing margi. Sareng sapoenika katah laré éstri oemoer 12 taoen; sampoen wani mlampah idjèn lan mbekta schooltasch, badé middagcursus ngrénda lan handwerk sanésipoen. Manawi ningali makaten poenika manah koela bingah kawewahan mongkok, déné sadérèk koela wanita sampoen semanten adjengipoen; sokoer ta, soemangga madjeng. Sigeg,

Soepados sampoen ngantos ke-pandjangan oetawi ketebihen anggén koela ngantjang - antjang ingkang koela sedya, mila sampoen semanten kémawon anggén koela mboekani, ladjeng kalilana miwiti ingkang dados poking rembag: „panggoela wentahipoen bangsa wanita.”

Laré éstri, manawi sampoen saged sekolah, inggih ladjeng kalebetan; sasaged-saged kaemoraken kantjanipoen éstri. Déne ing panggénan, ingkang dèréng oetawi boten wonten sekolahan éstri, kénging kaemoraken laré djaler; aloewoeng angsal pangadjaran katimbang boten. Ananging sebab makaten poenika (sanadjan teksih laré) kirang prajogi, mila kaangkaha saben panggénan dipoenwonteni sekolahan mligi kanggé laré éstri. Temtoe kémawon poenika ngindakaken ragad. Déne oepami meksa boten saged, inggih káitjampoer kados atoer koela ngenggil. Pamisahipoen waoe namoeng p am r a j o g i , boten kok k e d a h makaten, awit manawi ingkang kadibah djagi lan ngoelat - olataken (goeroe) mangertos lan prajitna, temtoe saged toemindak saé.

Wiwit oemoer pinten laré éstri kapisah kalijan laré djaler wonten ing sekolahan? A. Swasti Astoetilah.

MISS MAGARET BONDFIELD.

Miss Magaret Bondfield poenika satoenggiling wanita Inggris, ingkang sapoenika dados minister ing kabinetipoen Mac Donald. Miss Magaret pinoendjoel ing kasaged-anipoen; ngengkoki wanita kedah sami babar pisan kalijan prija, nanging sabar saréh, boten dak menang, ngertos dateng pramajogi saé. „Little Maggie” makaten anggénipoen mastani kawoela alit, poenika tepangipoen kalijan sesami gapjak sanget, wasis ing witjara, tetep ing njat, sembada ing karja.

TJETA.

Poenapa ingkang dipoensoemerepi tijang éstri roemijn? Tjobi maos ing ngandap poenika, mangké rak saged mbatang.

Dèréng dangoe poenika ing Parijs wonten tijang éstri néneman ketoendjeng montor; taoenipoen reka, mila teres kabekta dateng grija sakit. Wonten ing ngrikoe kapriksa; dipointakéni poelisi makaten: „Poenapa sampéjan kénégetan nomeripoen montor?” Wangsoelanipoen tijang éstri: „boten, awit lampahipoin rikat sanget.” Poelisi takén malih:

„Lah, tijang ingkang noempak, poenapa sampéjan inggih boten kénégetan?” Tijang éstri mangsoeli: „Inggih, kénégetan; ingkang linggih tjalak sopir tijang éstri, nganggé topi abrit lan strik soetra; tjalipoen (sjaal) saé, mantol mawi rénda wijar; ramboetipoen angramboet dja-goeng, ananging poenika temtoe ramboet palsoe.”

Mawi antjer-antjer poenika poelisi saged manggih nomeripoen montor.

Makaten tjarjisipoen Zondagsblad „De Tijd.”

RADJA POETRI.

Aneta martosaken, bilih sang raja poetri Juliania bédjing Februari rampoeng anggénipoen sinaoe ing sekolahan loehoer.

PRADJA RAHAJOE.
DE COMMUNISTISCHE INTERNATIONALE.

Tjandakipoen Sw. No. 39.

Roemijn sampoen koela tjrijosaken jen Roessisch bolsjevisme poe-

nika sedaja pranatanipoen tjongkrah lan anggering Pangéran; boten gadah pitados sekedik kémawon dateng agami. Pantjénipoen inggih wonten tijang ingkang actienipoen saé lan awewaton agami; nanging ladjeng kawontenaken „speciaal doel” kanggé Russen. Tanna ringa-ringa ladjeng kanamakaken de „Bezbosnjuk” de „Zonder God,” tanpa Pangéran. Anggandjar cateng moerang tata panjamah lan pepojok, soepados saged njingkiraken Allah saking bangsa. Margi wontenipoen Bezbosnjuk sadjawining Rusland wonten pakempalan ingkang kanamakaken „Internationale van Vrijdenkers en Godloochepaars.”

Wah kok ngébat-ébat wataking bangsa ingkang mblasar. Anggénipoen njatroe Allah kok kesaneten. Bangsa waoe temtoe ngertos tindak ingkang saé lan boten saé, dados anggénipoen njingkoer Allah poenika preloeniipoen namoeng kanggé ngéndelaken manah jen badé nin-dakaken pakarjan ingkang boten patoet. Kados oepaminipoen wonten tijang R. K. ingkang nebihi Pastoer, poenika inggih langkoeng gampil lan radi kendel nglampahi dosa. Pikitranipoen sanadjan godjag - gadjeg meksa kapoetoe pijambak kanti mantep: „jah, mesti kena, rak ja ora apa-apa ta; jah ora dadi baja, kénéng-kénging kémawon.”

Dados tjeta jen „de Sovjetmacht” poenika tjongkrah kalijan saben agami, lan ngekahai (ngantepi) dateng politiekipoen pijambak.

„Communisme is Atheisme” oetawi boten adamel wanoh kalijan Allah; ngantos kewedan anggén koela badé nemboengaken, poenapa njatroe poenapa ngemohi Allah; dados jen bangsa ingkang nalar temtoe nggegoedjing dateng orgaan ingkang kawedalaken déning penasaran-waoe ingkang nama „De Tribune.”

Ingkang langkoeng ambebjani malih inggih poenika omgangipoen bijoeng lan anak. Mangka patrap ingkang saé lan gampil - pijambak kanggé ngrisak agami doemoenoeng ing zedelikhied. Ing Amsterdam wonten pakempalanipoen Communistisch Jeugdbond, nama „De Zaaijer”, poenika nggoela-wentah laré ném-némán (16-20 taoen), tjaket ngrikoe oegi wonten Pionieren-groepen nggoela-wentah laré (6-15 taoen) laré waoe bédjingipoen badé kanggé revolutielegar.

Nalika de Comm. Jeugdbond „De Zaaijer” ngawontenaken congres ta-oenan ing Amsterdam, voorzitter maos serat saking satoenggaling lid ingkang boten saged dateng, margi nembe propaganda „anti-militaristic” ladjeng dipoenkoendjara. Wossing serat:

Wij zijn rebels, opstandelingen
Wij zweeren af moral en zeden
Wij hebbén lak aan wet en staat
En hebben God naar de hel gezon-den!”

Mangga dipoenpriksani, kados-kados rak ngadjirhi.

O, memelas pradja ingkang kabebatan ngélmoe waoe, awit samopen temtoe boten saged tentrem.

Pradja kedah wonten pengageng lan sor-soran; wadjbiring sor-soran kedah bekti lan mbangoen mito-roet dateng pengageng. Nanging wataking ngakatah isin lan soeng-kan, boten poeroen kaeréh. Pantjén inggih remen ngeréh tinimbang kaeréh nanging kedah pados srana ingkang saé, eerlijk. Nanging jen pantjén boten saged ngeréh, inggih kedah nrimah kaeréh. Koela remen oepami saged dados G. G.; nanging jen koela boten saged poenapa-poena, rak inggih kedah nrimah dados réh-réhan.

Bangsa Djawi kok inggih makan dateng ngélmoe Rus. Mangka bolsjevisme poenika terang jen kosok-wangsoel sanget kalijan wataking bangsa Djawi. Tijang Djawi poenika awatak: pradah, andap-asor, mari keloe jen ngadep pangageng, silanipoen mlepes ngantos djam-daman. Kalijan prijantoon sepoeh adjrihipoen sanget.

Lo, rak wataking satija kita poenika, pantes, jen dipoenpreséni. Ning kok wonten ingkang malih, saged makan dateng ngélmoe moe-sibat; La, sareng matak adjinipoen, mak djegoer ketjemploeng Digool, géne boten saged ébah, lah, wong klintoe tjakipoen; politiek dèréng saged, poenapa-poena dèréng sa ged, la kok badé oemok; oetawi mengsahing Pengéran kok badé di-poenbelani, mangsa saged menanga. Poendi pranatan njimpang saking karsa dalem, temtoe ketjemploeng djoereng ingkang lebe . . . t sanget. Saminipoen nocatoen pit kémawon dèréng sagep, kok badé noempak Norton, mangka pasang versneling 80 K. M. la inggih saweg mantik kémawon ladjeng mak gebroes noendjang dawet, weteng imbededeg, sirah moemet, saké kebak tjéndol dawet, njawa anggandjred, ko-djoer ping pitoel-koer.

M. J. A. Koepoe Biroe. Smg. Oost.
LOERAH DOESOEN TJOELIKA.
Recdatie angsal soembangan kados ing ngandap poenika.

Para maos ingkang minoelja, kados sampoen sami oeningan sadaja, sapinten koewadjiyan saha poenapa sesanggénipoen tijang dados loerah. Loerah poenika kénging kaseboet r a t o e - n i n g doesoen! Ngeréh-na-ta-damel tata tentrem - dados tega-paloepi-enz. enz. Dadosipoen leo-rah kedah sarana kapilih ing tetijang sadoesoen ngrikoe. Nanging sajang déné terkadang wonten ingkang mil-hipoen tijang tjalon loerah waoe sok namoeng . . . kénging penga-roehing banda oetawi arta!!

Mesti kémawon jen sagedipoen dados loerah margi banda, mangké dodosipoen tentoe ladjeng asring ngilrakaken wadjbiring loerah, mar-gi ingkang pineleng namoeng poe-liring arta saha barang-barang ingkang telas kanggé wragad mbeseli tetijang alit soepadosa milih pijam-bakipoen rikala wekdal pilhan. Dados tjara makaten poenika genah kirang prajogi; nanging sajang dé-né katah ingkang sok toemindak makaten, (jen badé wonten pilhan).

Wonten malih ingkang poeroenipoen milih, margi a d j r i h , djaralaran pijambakipoen (djago) misoe-woer djoelipipoen. Sawenéh mastani bilih tijang ingkang sok namoeng ngantos misoewer, dipoenadjirhi tijang, poenika jen kapilih dados loerah, prajogi sanget; awit ladjeng saged nentremaken, ngeréh enz. . . Nanging njatanipoen dos - poendi? Wonten oegi malah saja ndados; oetawi ladjeng sawenang - wenang! Kanggé pangilon nembe mangké loerah ing Lemahdjaja (Wanadadi) dipointangkep poelisi, kataban! Loerah kaseboet golongan loerah ingkang kapilih margi djalaran ingkang kantoon, kabar margi gadah tindak tjoelika. Loerah waoe nemboeng njamboet arta dateng tangganipoen, boten angsal. Woesa-na sigra nandoekaken katjoelikanipoen; tangga kaseboet dipoenbesmi grjaniipoen. Soekoer déne ladjeng saged kaeopados sinten ingkang tjoelika waoe. Kedjawi poenika oegi kagoegat margi anggénipoen merang kewan (radja kaja) gadahaning sa-tonggiling koeler.

J a i k o e t a d j a l o e k a m o e ! ! !
ECONOMIE ROEMIJIN???

Ing Sw.-tama no. 38 sadérèk jen Kober njerat artikel woso-ipoen: sing koedoe ditindakaké disik: éonomi, noeli poelitik!

Koela pijambak boten wani nemtokaken poendi ingkang kedah katin-dakaken roemijn, poelitik roemijn poenapa ekonomi ingkang karoemijnakan? Margi ingatasing bab waoe

a) mila rembag prakawis gawat!
b) koela pijambak sanès ahli ing bab waoe!

Sampoen ta oepami (namoeng oepami lol) koela njarah toe-moot pamanggihipoen sdr. Jen Ko-

ber; sapoenika koela kalilana pitakèn dateng sadérèk Jen Kober, moegi karsaa paring wangsoelan ingkang maremake manah koela, amrih anggén koela tjetjog waoe boten namoeng oepami.

A Kita Indonesiers kepéngin da-mel pabrik gendis, pamaréntah inggih marengaken. Kapital oepami sampoen kloempoek, kantong nan-djakaken. Nanging jen boten kléntoe koela sampoen naté maos ing serat kabar bilik: k e n a n g e d a k é p a b r i k g o e l a n g a n g g o s a w a h (ditandoeri teboe) sa-karepé, oegar pangolahé ora nganggo mesin. Jén pangolahé goela sra na mesin, sawah sing koedoed it-andoeri teboe ora kena loewih saka 25 baoe.

Jén makaten poenika dospoendi? Poenapa politiek roemijn, poenapa kalah pisan dipoensareng?

B Wontenipoen poelitiek kori me-nga (opendeurspolitiek), poenika poenapa inggih dipoenpringaken kémawon? Kang mangka poelitik waoe saged ngalang-alangi oetawi ngengél-engél, malah jen boten: ngrandataken lampah kita ing bab noedjoe éonomi, margi tansah kawon desoek? Jén makaten poenika dospoendi? Poenapa boten prajogi katindakaken sesarengan?

C Koela badé ndérèk sdr. Jen Kober, ngoedi éonomi roemijn, sanésipoen i.p. poelitik boten dipoen-sénggol-sénggola; mangké kémawon jen sampoen ketjandak gegajoehan éonomi, saweg badé ngrembag poelitik. Mangga koela toet-wingking . . .

Ladjeng sapoenika kados - poendi sadérèk, mangga koela atoeri noléh sakedap?

Pakempalan - pakempalan poelitiek ingkang sampoen wonten poenika, kados déne B.O., P.P.K.D., P.S.I., ladjeng kanggé poenapa roemijn? Poenapa dipoenbroek

sami ginadangan lengah koersi Raad v. Indie, dipoendjawahi mrtja, tjabé lempoeng saking sadérèk P. N. I. lsp. Dénings prijantone kekalih, sami sinawang njoelajani maksoed antjasing gegaoehan Indonesiah!. Koela kaoem setika, namoeng badé ngentosi vonis-ipoen detectief ingkang sedjati (kenjatahan) lan poendi ingkang laras loeroes, temtoe badé koela keploki tangan kalih.

7. D jag a d i n g p e r s .

Toemrapipoen Indonesia serat kabar tansah mindak - mindak. Toe-woehipoen „Verkenner“ ing Madoen, nandaken, jén prijantone B. B. inggih betah dateng kempaling kekijatan. Alasan - alasan ingkang njantosani prakawis poenika: „Anggén B. B. katah-katahpoen saking pihak Ra'iat namoeng dipoendjawahi, panjeda, awis ingkang ngatingalaken saénipoen!“

Fadjar Azia roepinipoen wonten kosèk. Anggénipoen A. Salim boten moentjoel - moentjoel seratanipoen, wonten ngrikoe, anewoehaken gasan roepi-roepi dateng golongan ingkang migatosaken. Ingatasipoen Hoofdredacteur, ingkang saweg salabeting mantjanegari (Europa) doe- noenging angsal - angsal ingkang patoet dados tedaning pemaos Fadjar Asia koranipoen kok ngantos bebasan satjoewil tanpa soeka poenapa-poena, jén tanpa sebab kok ragi... anéh!!! Bajowara.

NÉKA - W A R N I .

Sampoen nama madjeng ??? Hem!! Ingkang badé koela tjarijosaken poenika méniginaken sanget; langkoeng-langkoeng kanggé tjiang éstri ingkang koemetjer kedah badé sami kalijan tjiang djaler; malah kapara ngoeng-koeli. Kados poendi ???

Prof. Hernandez, sardjana ing Mexico nembe ndjadiah poelo-poelo ing satjelaking Mexico; oegi mentas saking poelo Tiboron. Tjiangipoen ing ngrikoe taksih wanen, anang sampoen langkoeng déning madjeng, Lo koh anéh!!! wanen kalijan madjeng, poenapa boten kosok wangsoel?

Madjengipoen waoe makaten; ingkang njepeng pangrèh tjiang éstri; tjiang djaler namoeng kanggé tambal boetoeh kémawon; dipenoeké momong, betak; wé, la mèh ngémperi tanah kedjawean salawé taoenan kepoengkoer.

Tiboron poenika klebet poelo, ingkang kiwa panggénanipoen, dados awis sanget dipoenambah tjiang mantja, poenapa malih soetik sesrawoengan kalijan bangsa sanés; dasalan kalijan bangsanipoen pijambak (tjiang Indien), ingkang telok dateng bangsa Èropah) inggih boten poeroen tepang. Roemijn ing ngrikoe tjiangipoen wonten 5000, sapoenika kantoen 400 san.

Tjiang ing Tiboron taksih sami kapir lan nembah brahala; saos koerban laré dateng ingkang dipoen-poendi-poendi.

Prof. Hernandez gawok sanget soemerep tjiang ing ngrikoe gagah-gagah lan boten wonten satoenggal kémawon, ingkang tjetat; djaler éstria inggih makaten. Poenapa sebabipoen? manawi laré sakinten badé awon pawakan lan roepinipoen te-roes dipoenpedjahi, dados ingkang kantoen inggih ingkang saé - saé.

Tiboron dipoenrehaken tjiang éstri, kabantoe tjiang éstri sanés katah sangset. Ratoe waoe langkoeng déning koewasa, saged moetesi sakadjengipoen pijambak; tjiang djaler boten gadah wewenang poenapa-poena; ngréntjangi anggoela-wentah anak kémawon inggih meksa boten angsal.

Tjetahing tjiang djaler langkoeng sakedik katimbang tjiang éstri.

Ing serat-serat kabar Sumatra wonten advertentie makaten:

Seroetoe R. A. Kartini. Namanja njonja R. A. Kartini, tertjat dalam hikayat kemadjoean Indonesia, sebagai seorang Perempuan yang Pertama kali terbitkan soemang dan ketintaan kebangsaan, hingga berdirinya roemah sekolah Kartini School di Batavia.

Bœat peringatan djasana ini njonja almarhoe, sesoetoe orang Indonesia haroes isap ini sroetoe R. A. Kartini, rasanja sedap dan haroem, model baroe verpakking netjis.

Harga ketengen per pak besar à 50 stuks 35 cent.

Raos Djawi kados-poendi, sadérèk? Poenapa wonten gegajoetanipoen R. A. Kartini kalijan sroetoe? Soemangga!!! „De gustibus non est disputandum“; rasa ikoe ora kena pinadoe. Anangga pangraos koela makaten poenika inggih kirang moenggoeh, ing manali kirang sreg. Déné manawi barang ingkang magepokan kalijan R. A. Kartini, soemangga, mangsa borong; oep: doos wadah grip merk R.A. Kartini, sareng sroetoe??? Barang aloes oep: tjtah merk R. A. Kartini, sareng sroetoe??? Wé lah, nijat profanatie (panjamah).

**

Piet lempitan. Woelan wingking ing Parijs wonten setélengan barang warni - warni, ratjak modèl - modèl, damelan énggal. Kirang langkoeng wonten sardjana 1600 ingkang mi-ontonaken pakarjanipoen pijambak-

pijambak. Ing nginggil korining grija setélengan kaseratai makaten: de wet der vooruitgang is de wet der snelheid. Oep: nggoréng oelam sakédap sampoen mateng; nggodog wéndang sawatavis sekorn (seconde) sampoen oemeb. Ingkang nggoemoenaken malih oepami teken kénéng kadadosaken rebab (viol); piet kénéng kalempit dipoenwadahi koper alit, gampil katjangking. Wéla, majar ora oesah ongkos manawa noenggang sepoer!

**

Persatoean ngewrat tjetahing serat kabar Indonesia, ingkang mlebet Bale Poestaka ing wiwitinan taoen '28 wonten 283, ing Poengkasuningtaoen wonten 221. Ingkang 160 kabarat mawi basa Mladeng: 28 basa Djawi; 7 Soenda; 11 Batak; 6 Arab; 19 basa warni-warni. Ingkang makaten poenika tjeta sanget kema-djenganipoen tanah Batak; sebab djwanipoen namoeng 800000 gadah serat kabar 11; sareng tjiang Djawi ingkang dijwanipoen 26000000 namoeng 28; Soenda tjiangipoen 9 jøeta namoeng 7. Tjiang Djawi Katoe-lik pinten? Seratipoen kabar pinten? Soemangga kagalih. PARARTA.

AMBIKAK SITI.

(Grond-ontgining).

Ing dosoen koela katah siti ingkang ngangoer, tegesipoen boten dipointanemi poenapa-poena ka-beka saking sakedik tjiang toe-win katabing pasitén. Pramila sok tijanga ingkang kepéngin gadah siti, (ingkang katah koef), boten patosa angél angsalipoen. Mengkah patrapatrapipoen makaten.

Sagedipami Amir kepéngin mboekak siti; roemijn A. kedah nitik - nitik, poenapa wonten siti ngangoer ingkang dédè panggénan oemoem (gemeene weide), oetawi siti darbekipoen doesoen. Manawi wonten énggal katengerana, milih sasenengipoen. Sasampoenipoen makaten, nedaa pi-toeloengen dateng loerahipoen. Béndjing dinten repotan, loerah tjiangos dateng Assistant-Wedana; Ass. Wed. tjiangos dateng loerahipoen (Wedana).

Wedana ladjeng njatet panjoe-woenan waoe wonten ing boekoe register.

Pènget:

Moerih titi lan saéning toemin-dakipoen padamelan waoe, negari ngwontenaken koemisi (commission). Saben saonder, kedah wonten 1 oet. langkoeng, ingkang kadibah nitipriksa (nguemisi) panjoewoenan-panjoewoenan, mitoeroet pakéning wedana ingkang mbawahaken.—

Siti ingkang kénéng kasoewoen, poenika kedah.

1 Watesan kalijan siti ingkang sampoen kagarap.
2 Boten kénéng langkoeng saking sebaoe.
3 Boten wonten wit-witanipoen ingkang ageng.

Sasampoenipoen pepriksan poenika rampoeng, Wedana neerosaken panjoewoenan kaseboet dateng penganggeng wawakiling pradja lantaran boepati.—

Manawi panjoewoenipoen pinarengaken, daftar panjoewoenan kawangoelan déning wawakiling Negari lantaran boepati. Boepati neerosaken dateng Wedana. Déné ingkang njoewoen tampi serat idin (kénéng ambikak siti ingkang kasoe-woen).

Wiwit poenika, kénéng nindakaken padamelanipoen, kanti ngéngeti bradjandijan - pradjandijan ingkang kaemot ing serat idin waoe.

a. Wekdal. Boten kénéng nglangoekoeng wekdal ingkang sampoen kapestekaken.

b. Tanda-tanda. Siti ingkang badé kabikak, kedah dipointengeri wa-tesipoen (ratjak-ratjak namoeng wonten podjokan. Déné ingkang kanggénegeri séla ageng, deling enz.)

c. Tanah miring, kedah kadamel oendak-oendakan, enz.

Saged oegi panjoewoenan katolak, inggih poenika jén . . . bén-djing malih.

Djanoer Goenoeng.

SAKING PAKEMPALAN.

VERSLAG WONTENIPOEN PA-REPATAN ING SEMARANG KALA 20 OCT. '29 *

Karawoehan sedérèk kirang-langkoeng 75. wiwit djam 10.

Mengkah woedjoeding parepatan,

1. Kanggé ngatoeraken soeng rawoeh katoer:

1. Rama H. de Kuyper. S. J. G. A. K. W. Semarang lan Pangèn sa-dérèk Indonesia ing Semarang.

2. Sadérèk Dr. L. Dwidjatana, dokter Katholiek Indonesia ingkang sapisanan.

3. Sadérèk A. Djoepri Nitihardja.

II. Ngrembag prekawis oemoem.

a. Pamboea.

Katholieke Sociale Actie déning sedérèk P. Soetjipta.

b. Kaantepaning Imam déning Rama H. de Kuyper.

*) Mriksanana oegi S. K. no. 9 katja I. kolom 5. Red.

c. Pitepang para poetri déning Radèn Ajoe Sasraningrat. Adamel sanget maremipoen para sadérèk wanita, oegi sedérèk kokoeng.

Saking leganing manah, mawoerahan keplokipoen ingkang sami mirengaken.

d. Gesang kita ing kalangan politiek déning sadérèk E. S. Martawidagda.

Ladjeng kasambet déning:

e. Sadérèk V. S. Bratasoetidja nawéka-ken Roekti Woeri lan P. Laja.

f. Sedérèk F. J. Abeo bab pitepang ipoen sedérèk kokoeng, lan tjetat-jatjad ingkang moeroegaken kirang soeboering pakempalan-pakempalan ingkang amargi persoenlik oetawi kiranging saénipoen tin-dakipoen para bestuur-ing pakem-palan.

Adamel lega saha mareming para ingkang kagoengan oeneg - oeneg ing bab poenika, saha ingkang dadi-pangadjeteng pakempalan-pakempalan.

g. Sadérèk T. Sardjoe ngandaraken woedjoeding parepatan-parepatan ing Semarang. (kendo sarta madjengipoen) wiwit tahoen '24 - '29.

h. Sedérèk N. O. Anes. (sedérèk Me-nado) mbeboléhi amrih santosan-ning barisan kita, ingkang temen dadios pradjoeriting Pasamoean Soetji, sarana ngagengaken pakempalan-pakempalan.

Parepatan katoetoep djam 2 sijang.

Saking gambitaning parepatan, wek-dal samanten kados nembé samenit.

Toetoeping parepatan kanti ngloe-hoeraken Asma Dalem Goesti Jésoes.

Hidoeplah perserikatan di Semarang.

Sadarlah saudara² sekarang.

Dari gelap terbitlah terang.

Sebab waktoena soedah terba-jang-bajang.

VAN LITH - STICHTING

JEJASAN
énggal poenika

sagedipoen madjeng

NAMGENG
saking pitoeloengan
pandjenengen

Pangrèh V. L. S.
p/a Bijz. H. I. S.
MAGELANG.

VERSLAG: PAREPATAN K. W. AFDEELING SOERABAJA.

Nalika tanggal kaping 17 Nov. 1929, K. W. S. bair sampoen damel pepanggihan malih kanggé sadérèk Katholiek kokoeng miwah poetri sadaja, wonten ing dalemipoen sa-dérèk Mas Moedid wonten ing Klumboeng gang IX, preloe ngrembag bab madjeng moendoeripoen pakempalan, poenapa malih damel verslag tahoenan, manoet blanco modèl ingkang nembé katampi sa-king P. K. W. ing Ambarawa, saha pan-panoenggilanipoen. Sadérèk-sadérèk Katholiek ingkang sami rawoeh radi katingal katah saha ngresepaken, para laré alit inggih boten kénéng kantoe. Djam 10 éndjing tes, parepatan kabikak, kondjoek Asma Dalem K. G. Jésoes Christoës. Pangrèh K. W. oesoel, bab madjengipoen pakempalan poenika kedah sami toeloeng tinoeloeng oetawi gadah nijat bijantoe amrih madjeng sarta saéning pakempalan sarana boten ngéntang kapitonean baoe soekoe poenapa malih banda, djer poenika kanggé oemoem. Nitik verslag ta-hoenan 1928/1929 ingkang kadamel, radi kirang njenengaken mengkah loemebetipoen jatra contributie, sarta malih katah sadérèk-sadérèk Katholiek ingkang dèréng poeroen dados warga, mandar sawenéh ingkang sampoen dados liding parepatan b a d é oetawi sami neda med-al, ingkang makaten waoe poenapa saking kawratan pambajariopoen jatra contributie, poenapa pantjén b o s e n , oetawi dèréng mangertos mengkah toedjoenipoen pakempalan. Kasoewoen para sadérèk - sadérèk Katholiek kersaa paring keterangan oetawi ichtiar sanésipoen ingkang soepados sage ngatingalaken go-longan kita poenika oegi ndérèk madjeng, sampoen ngantos kawas-tanan „Poepoer sasampoenipoen bendjoet.“ Panitra K. W. nerangken sawatavis, mengkah jatra contributie of 0,25 saloegoenipoen boten a w r a t , bilih katimbang saben ma-lem minggoe oetawi saben tanggal ném, bakda tampi bajaran, troes dateng sang film Bioscoop, oetawi kantong plesir tanpa tandja, enz.

Bab panggénan linggih ing Gré-dja, ingkang kempal roepi - roepi bangsa, tamtoe nganggé bangkoe linggih miwah kanggé djèngkèng.

nDadosaken priksa bilih dinten riaja Paskah, Pantécostah, Kéremis sa-panoenggilanipoen, asring kémawon boten pikanteuk panggénan, jén boten doegi roemijn pijambak, sabab sadaja panggénan mèh kanggé kawas-tanan wonten ingkang gadah.

Inggak makaten poenika damel si-sahipoen para sadérèk wanita Ka-tholiek Djawi, saha para tamoe wanita sanés-sanés, ingkang merlokaken sowan ngarsa Dalem saking sadja-

KOSÈKIPON GEMEENTE RAAD BETAWI.

- WARGA BANGSA INDONESIAH SAMI MEDAL -

Raos oetawi tandoek ambédkabé-dakaken poenika sasat doemoenoeng wonten saben tjiang; sadéngah bangsa.

Manawi boten makaten tenéh boten wonten temboeng: mendem dra-djad, gila hormat sakomplotipoen.

Manawi boten makaten, tenéh boten wola-wali anggénipoen Rome anggrétehi: „Kowé kabéh pada sa-deloer, toenggala Bapa sidji, jaikoe Allah pribadi.“

Kita sadaja sami tjiang Indonesi-ah. Kita sami sadaja koelit nemba-ga. Kita kerep soemerep (lan mbo- manawi sampoen ngalamai pijambak) bangsa kita kataman: „Dia tjoema satoe inlander; wana tenglang, sa-saminipoen.“ Kita kerep soemerep lalampahan: poen Djawi nglamar padamelan sasarengan Walandi. Sa- kalih-kalihipoen gadah diploma sami. Malah bokmanawi poen Djawi langkoeng oenggoel. Nanging ingkang tinampi: Walandi. Margi poenapa? Margi: koelit nemba kalijan koelit petak. Lan saeopami poen Djawi ingkang katampi, bajaripoen kerep kémawon langkoeng sekedik tinimbang saeopami pangkat waoe li- nongoehan bangsa petak. Margi poenapa? Boten lija inggih namoeng ambédkaken pakoelitan.

Tjekak, katah toeladanipoen. Nem-bé poenika Balépoestaka poenapa boten anindakaken tjara semoe am-bédk - bédakaken ingkang ngantos dados pitakénan

O E R A P - S A R I .

KABAR KATHOLIEK.

Huisprelaat dalem I. S.

Kg. S. Rama.

Padoeka toewan P. dr. G. Bauduin, vicaris-djendral dalem Kg. Biskop ing Roermond, winisoeda djoemengen huijsprelaat dalem I. S. K. S. Rama. (Pastoer Guillaume August Hubert Bauduin, poenika mijoipoen wonten Maastricht kala taoen 1860. Pandjenenganipoen sinaoe wonten gymnasium poenapadéné poetes ngelmoe filsafah wonten college Rolduc. Anggénipoen poetes kawroeh theologie wonten Seminari-Agoeng ing Roermond; djoinebadan dodos Imam kala taoen 1884. Bakda saking ngrikoe neroesaken sinaoe hoekoe-mérdja wonten Alma Mater*) ing Leuven, arta kalampah pikantoek seseboetan doktor (tn. 1888). Satoeipoen, dr. Bauduin djoemeneng kapelaan wonten Limburg; ladjenging taoen 1891 winisoeda djoemeng maha-goeroe wonten Seminari-Agoeng ing Roermond; taoen 1909 winisoeda djoemeneng Kanunik-Theologaal-ipoen Kathedral Kapitel; taoen kapengker anggentos Mgr. dr. P. Mannens djoemeneng vicaris-djendral; wasana kalih tengah woelanan kapengker langkoeng sakedik, ladjeng winisoeda djoemeng huijsprelaat dalem I. S. K. S. Rama.

Kadjawi poenika, dr. Bauduin sampoen naté sinoegraha bintang officier in de Orde van Oranje-nassau.)

Martobat dados Katholieke.

Sakedap malih, satoenggiling doméne Anglikaan P. Vernon Cecil Johnson ing Londen, ngrasoek Agami Katholieke.

Pandita P. Vernon Cecil Jonhson poenika pandita misoewoer inggih wonten salebetting kalangan Protestant, lan inggih wonten kalangan sadjawining ngrikoe.

Imam dados tawanan.

Aneta-Reuter saking Hankow 9 Nov. martosaken: kaeom kominis mentas nawan pastoer Ulrich Kreuzen, (imam Franciscan, bangsa Amerikah) wonten Weiyuen Kow, 70 mil sakidoel-wétanipoen Hankow. Menawi missie poeroen neboes 10.000 dollar, pastoer waoe badé kaloewaran.

Yoego Slavië ngedegaken retja dalem Kg. Biskop Gregorius.

Dérèng dangoe poenika titijang ing kita Split ing Dalmatië sami ngatoeraken retja pèpènget kangé ngloehoeraken swargi Kangdjeng Biskop Gregorius. Retjanipoen Kg. Biskop Gregorius waoe doemoenoeng wonten satjaketing kadaton Dicletaan.

Katjarjos swargi Kg. Biskop Gregorius poenika soegengipoen kala abad kaping sadasa. Pandjenengani-poen saklangkoeng misoewoer anggénipoen djoemeneng tjoetjoeking ngadjoerit toemrap idam-idaman kabangsang ingkang toewoh wonten bangsa Kroaten.

Nalika dinten kepyakan retja waoe, sang praboe Alexander ngoetoes poetranoen pangéran Paul. Déné paréntah Yugo Slavië inggih ngintonaken wawakil pijambak. Ingkang medar sabda Mgr. Dr. Bauer Maha Biskop ing Zagreb, kalijan burgemeester ing Split. Ingkang njilakan karoedoenging retja, pangéran Paul pijambak.

Tentoontelling Missie, babagan pangageman soetji.

Dérèng dangoe poenika, ngarsa dalem I. S. Kg. S. Rama ambikak tentoonstelling missie ada-adanipoen pakempalan-missie gadahani-poen wanita Djerman, ingkang waranipoen sampoen kalih tengah mlijoen soemrambah wonten Djerman, Oostenrijk, Amérikah Lér, Zwitzerland, toewin Belgi. Stélingan poenika ingkang bakoe mitontonaken pangageman-pangageman Mis, lss.

Tedak dalem wonten tentoonstelling, kadérèkaken Maestro di Camera Mgr. Caccia Dominion, poenapa - déné pinahargya déning

* Sekolahon loehoer.

pandjenengani-poen Kg. Kardinal Gasparri, kardinal Granito Pignatelli Belmonte, kardinal Fruehwirth, toewin para wanita warganeng comité. Kadjawi poenika ing tentoonstelling ngrikoe oegi karawoeh-an prajagoeng-prajagoeng Pasamoe-wan Soetji katalah saking poendi-poen.

Dangoe Ingkang Sinoehoen anggénipoen njatitèkaken sadaja ingkang kapitonataken ing ngrikoe. Katah pangageman-pangageman Mis, édi-édi, apengaoe awis sanget. Ing papan ngrikoe wonten pangageman sa-toenggal ingkang sanget andados-akan renanang panggalih dalem; i.p. kazuifel damelanipoen wanita tani. Kazuifel waoe saklangkoeng péni, ngremit, aloes; wonten gambaripoen S. Petros, Gréja-Agoeng ing Roem, S. Matthias, toewin kathedraal ing Trier.

Margi wonten tentoonstelling waoe ngarsa dalem pikantoek pi-soengsoeng pangageman soetji langkoeng saking 4000 idji.

Wonten ing tentoonstelling ngrikoe, ngarsa dalem medar sabda, mahjakaken genging panarimah, poenapadéné ngandikakaken agenging preloenipoen ambijantoe pakar-janing Missie.

Tjara énggal kangé ngleboer Agami Katholieke.

Roeslan, ingkang oegi arsing si-neboet tanah Broewang, kepati-pati sanget sengitipoen kalijan Roem. Tjaranipoen ingkang sampoen-sampoen anggénipoen nedya ngitjalaken Katholieke, saranan lekas roda paksa eblak-eblakan tanpa tèdèng aling-alang, ; kadosta: sarana arak-arakan ngarak gambar dalem Nata Pandita ing Roem, kangé pangéwan-éwan wonten gambar ngrikoe katingal: ngarsa dalem ginarebjeg para tijang mendem pinten - pinten manganggé tjara imam toewin zuster, lss.

Sapoepika, broewang Roeslan sampoen sami ngoemaosi, tjara makaten poenika saëstoe njakitan manahipoen-para kaeom tani lan kaeom berah ingkang katah². Siripoen badé moentes raos ngibadahipoen tijang-tijang, nanging djebel wohipoen malah dawah kosok wangsoel.

Margi makaten, para lawanipoen Katholieke sami ngedalaken tjara énggal. Tjara waoe sarana dedemitan, aloes-aloesan. Oepami: imam-imam dipoadakwa dodos mengsahing nágari. Ladjeng katarik dateng pradata, dipoenekoem, dipensoraken sanget. Imam-imam waoe kedah damel pradjangdian kaserat. Oengeling pradjangdian nedya netepi prakawis warni-wani toemrap gagajoetanipoen Sovjet kalijan Roem; poenapadéné presoempah menawi boten badé mitoeroet dawoeh dalem I. S. K. S. Rama. Manawi imam waoe boten poeroen damel pradjangdian makaten, ladjeng dipoenkoendjara; dipoenkéndangaken.

Seminari ing nagari Tjina.

Dérèng dangoe, Missie ambikak seminari-alit wonten Kongmoen ing Kwantung. Moeridipoen 20. Pangeng ing ngrikoe ngantjam: seminari waoe badé katoetoep, manawi boten ladjeng toemoento kaledatken wonten boekoe nagari (registreren). Mangka nglebetaken wonten boekoe negari makaten poenika ateges kedah manoet pranatan nagari Tiongkok: boten kénging moelangaken Agami, lan roosteripoen kedah manoet rooster ingkang sakolahan-sakolahan Tjina.

Mgr. Walsch ladjeng lalajanan kalijan Bureau Openbaaronderwijs, sarta pikantoek wangsoelen: Para pangageng Canton sami kalintoe. Margi Seminari kagoenganipoen Mgr. Walsch, poenika sakolahan kangé ngéngipoien djoemengen tjoetjoeking Agami, mila boten soe-sah kaledatken wonten register."

Ngéngeti katrangan saking Bureau openbaar onderwijs ingkang makaten waoe, gotrah Katholieke boten anggadahi koewatos toemrap toe-toeping seminari-seminarie ing Tiongkok.

roemoes kasepèlèkaken. Mangka, manawi njonjah ingkang kataman tijang ingkang ngoerangadjarika denda apesipoen f 10) Verslaggever.

O. L. Mij Boemipoetra.

O. L. Mij Boemipoetra kala 17 Nov. ngawontenaken parepatan wonten Lodjiketil, Ngajogyo. Warga ingkang rawoeh 88, tamoe 13.

Rembag ingkang preloe: 1. Toembas aande katalah-katalahipoen f 50.000 dateng Bank National Indonesia. Soerabaja, semanten waoe manawi direktor O. L. Mij. Boemipoetra pi-kantoek dados Commissaris Bank National. 2 Gagajoetan kalijan badé wontening pranatan toemrap Le-venverzekering, O. L. Mij Boemipoetra ngéwahi art. 27 ing H. R. dados kados ingkang kaseboet ing sirkoe-lér ddo. 15 October. (bab pangé-tangting babatèn ing dalem sataeno-nipoen) 3. Ngéwahi pranatan ondersteuningsfonds toemrap poeng-gawa Mij Boemipoetra. Sadérèngipoen ondersteuningsfonds kados pranatan sapoepika poenika saged toemindak sembada, Mij badé ngawontenaken roemijn uitkeerings-fonds roemijn. Para poenggawa saben woelanipoen katjèlèngaken 5%, ning blandainipoen mawi anakan 5% nak-kemanak. Tjélgéngan poenika boten njowok bajoring poeng-gawa; dados arta Mij pijambak.

Béndjing samangsua medal, dipoen-soekani uitkeering minangka kangé pawitan gesang tanpa bajar. Nanging panjambaoet damelipoen wonten Mij kedah sami kalijan da-ngaenoing panjambaoet damelipoen ambtenaar Goepermèn ingkang manawi medal sampoen anggadahi wewenang toemrap pènsiyoen. Da-

dos apes kedah tigang dala taoen. Tjekak, manawi poenggawa Goepermèn pikantoek pènsiyoen, poenika sadérèngipoen ondersteuningsfonds saged toemindak, poeng-gawa O. L. Mij Boemipoetra pikantoek uitkeeringsfonds). 4. Mij Boemipoetra badé njamboeti arta katah-katahipoen f 6000 mawi anakan 8%, dateng pakempalan njélèngi Atma Setya Oetama ing Bogor 5. Ing parepatan ngrikoe wonten warga njoengeloekan pranatan My ing-

kang kaléntoe.

Inggih poenika, warga ingkang medaliipoen saking My kirang saki-

dik saking tatakeraning wantji, tampinipoen arta uitkeering langkoeng katalah tinimbang warga ing-

kang medaliipoen pantjén sampoen ngetrepi wantji.

Tjonto: Warga ingkang sataeno-

taoenipoen nglebeti f 60, 36. poenika bénđing manawi sampoen 20

taoen saged tampi uitkeering f 1000. Nanging, manawi warga waoe ang-

génipoen medal nalika anggénipoen njélèngi saweg angsal 19 taoen, poenika tampinipoen arta manawi

manoet pranatan sapoepika, wonten f 1146, 84-f60, 36=f 1086, 48. Dados,

langkoeng katalah tinimbang manawi medal sampoen djangkep 20 taoen.

Margi makaten waoe, My anefep-aken: pranatan njadé polis badé kaéwahan. Déné éwahipoen makaten:

Toemrap warga ingkang ang-

génipoen nglebeti saweg sataeoen, manawi medal arta itjal. Manawi

sataeoen minggah do em o e g i 3

t a o e n : toemrap ingkang njélèngi

kangé 5 taoen, arta soeda 80%; toemrap 10 taoen soeda 75%; 15

taoen soeda 65%; 20 taoen soeda 55%. Manawi anggénipoen njélèngi

sampoen pikantoek tigang g

taoen sapanggingil, jén warga

waoe medal artanipoen kasoeda:

toemrap ingkang njélèngi kangé

5 taoen, soeda: 85%; 10 taoen,

soeda: 80%; 15 taoen, soeda: 70%;

20 taoen soeda: 60%.

Déné éwah-éwahan waoe poenapa oegi toemrap warga lami, poenapa namoeng toemrap warga ingkang loemebebitipoen sasampoening pra-

natan énggal toemakap, poenika taksih dados rembag. Manawi ing

salebetipoen My wonten pranatan referendum, bestuur badé ngedala-

ken referendum kémawon. Déné

manawi boten wonten pranatan refe-

rendum, karembar bénđing ver-

gadering malih.

6. Pangréh My ingkang sapoepi-

ka: R. Roedjita, directeur; R. Dwijaswaja, R. M. Natanagara, R.

Panéwo Pantjaradana, Dr. Soetama, Mr. Soejoedi, R. Sigitprawira, sami

warga pangréh. Verslaggever.

Kasangsaran ngeres-eresi.

Ing bawah Madjalengka mentas wonten kasangsaran ngeres-eresi.

Wonten tijang Madjalengka badé

késah kadji, dipointeraken tijang

200 san. Wonten antawisipoen Ta-

laga kalijan Bantaroedek tijang wa-

oe noewod kreteg gantoeng tosan

ingkang pandjangipoen 38 M, lan

inggilipoen saking dasaring lèpèn

ingkang pinoedjoe asat, katah séla-

selanipoen, 10 M. Nalika titijang wa-

oe noewod; oewodipoen ndjeblus;

tijang sami dawah soengsoen-tim-

boen wonten salebetting lèpèn. Ing-

kang tiwas sanalika ngrikoe wonten

ONTJÈN SEKAR GAMBIER MELATI.

PANGAJOMAN TOEMRAP BRAJAT.

(Gandeng kalijan Volksraadprogram-ipoen I.K.P. kanggé taoen 1931—1935.)

— 0 —

1

Ing ngriki sampoen tetéla, bilih bapa-bijoeng makaten dodos moela-boekaning brajat. Mila inggih angga-dahi pangawasa toemrap sadaja kémawon ingkang winengkoe wonten salebetting kutumba.

Manawi pamanah kita, kita bablas-aken, inggih ladjeng saged damel wawaton: „anang bapa-bijoeng nganakaké brajat; anang brajat noewohaké oerip babarengan kambi wong akéh, oetawa maatschappij.”

3. Bab prakawis Idjab, boten wonten ingkang salarasipoen kalijan Kar-sa Dalem Allah, kados wonten sa-lebetting Agama Katholieke. Djer wonten Agama Katholieke, Idjab poenika ateges: prasetya doemoegi sapedjah-ipoen. Wonten ing salebetting Agama Katholieke, Idjab kedah ngéngerti ti-gang prakawis poenika: „Allah tijang djaler, kalijan tijang éstri.”

4. Manoengsa poenika kodrat-ipoen: loeng - tinoeloeng, boten na-moeng kalijan sadérèkipoent pijambak, oegi kalijan tijang sanès. Manawi boten makaten, tanah Indonesia inggih boten kablabaran kawroeh warni-warni kados sapoepika.

5. Kita poenika asal saking Pa-ngeran, kedah wangsoel malih dat

M. v. BIENE.

Toekang herlodji
dan Toekang emas.

Adres jang
moerah

DJOKJA BANDOENG
Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HER-
LODJI dan PERKAKAS
EMAS.

Pembatja
SWARA TAMA,
dengan bawa lembaran
Swara Tama
dapat POTONGAN.

PAKOLÈH TOER LOEWESAN SAÉ TOEWIN AWÈT INGGIH NAMOENG

MERK GAZELLE

INGKANG AWOEDJOED

ALCYON DUNLOP R. I. W.

Nitjil kenging! - Kentjèng soekoer!

GAZELLE HUIS - ROEMAH GIDANG
MALIOBORO - DJOKJA - TELEF. 508.

ATOER OENINGA :

Anak koela :

JOZEPH
POERWAKA WIHADI PARMAKA,
nalika tanggal 8 November 1929
kapoendoet dateng djaman kalanggengan.

MATOER NOEWOOEN :

Rama Pastoer ing Soerakarta.
Pangroekti laja ing Soerakarta.
Para sadèrek kakaeng poetri ingkang ngoepakara
wivit sakit doemoegi pangoeboeripoen, saha
ingkang sami ngrahapi.

Koela tijang sepoehipoen :
F. lan V. Rakya Parmaka.

TOKO DJOEN & Co.
PATJINAN TELEF. NO. 374 DJOCJA.

BOEWAT MERAJAHKEN HARI RAJA ST. NICOLAAS.

Kita baroe trima :

CHOCOLADE - LETTERS,
CHOCOLADE - FIGUREN,
CHOCOLADE - LUXE DOOZEN BONBONS,
dan lain - lain.

Djoega selama bisa belie :

- KOEWEEH² SPECULAAS -

djoega bisa die trima pesen seharie die moeka

- FRAAIE BOTER LETTERS -

Boewat pesenan koeweek speculaas lebih

darie 10 pond, die reken banjak lebih

moerah.

MEMOEDJIKEN DENGEN HORMAT:

TOKO DJOEN & Co.

KALAU BELI OBAT - OBAT

mémang tiada maoe pakai pertjoema, melainkan boeat djaga keséhatan. Tetapi kalau tiada temira obat jang selamana baroe dan paling baik, lebih pintar Djangan beli sama sekali.

Obat-obat keloearan roemah² obat

MALIOBORO „RATHKAMP“ MALIOBORO
soedah terkenal berapa banjak poeloehan tahoen dan bisa dapat beli dimana-mana tempat. Kalau dapat beli tjp

DJOKJA „RATHKAMP“ DJOKJA
tangoeng beli jang paling baik. Djaga tjp „RATHKAMP“ dan „ERCEE“

DJANGAN TERIMA BARANG JANG BARANGKALI KOERANG BAIK.

TOKO BARANG-BARANG. H. SPIEGEL - DJOKJA.

BOEAT KEPERLOEAN ST. NICOLAAS:

kami ada sedia:

roepa-roepa dolanan bagi anak-anak

moelai harga 15 cent sampai f 40.

OENTOEK KEPERLOEAN KERSTMIS,

kami ada sedia:

matjem-matjem barang boeat geschenk;

Kerstboomen dan perhiasan Kerstboom

Sekolah-an sekolah dan perhimpoenan-perhimpoenan,

bisa terima potongan harga.

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa	6.30 - 8.30.	Lamah	5.30 - 6.8.	Pekalongan ⁸⁾	7.30.	Soerabaja:
Amboina	7.30.	Lawang ⁵⁾	7.	Pemalang ³⁾	7.30.	Kependjén
Bagan Siapi-api	7.30.	Madioen	6 - 7.30.	Pemangkat	8.30.	Anita Bou.
Bandoeng	6 - 7.30 - 9.	Magelang	7 - 9.	Poerwokerto	7.30.	Soerakarta
Benkoelen	7.30 - 9.	Makassar	6 - 7.30.	Poerworedjo	7 - 8.30.	Tandjoeng Balai
Blitar	7.30.	Malang	6 - 7.15 - 8.30.	Pontianak	7 - 8.30.	Tandjoeng Karang
Buitenzorg	6 - 8.	Manado	6 - 7.30.	Probolinggo	7.30.	Tandjoeng Sakti
Cheribon	7.30.	Medan	6.30 - 8 - 8.30 (tjina).	Salatiga	7.30.	Tara-Tara
Djember	7.30.		9.30 (mal).	Sambas	6 - 8.30.	Tegal ²⁾
Djokja:		Medari ⁶⁾	7.30.	Sambong	8.	7.30 - 9.30.
Kampementstraat	Eur. 7 - 9.	Meester Corn.	7 - 9.	Sawah Loento	7 - 8.30.	Tering
Djombang ¹⁾	Jav. 6 - 8.	Mendoet	6 - 7.30.	Sedajoe	7.	Tjilatjap ⁸⁾
Kota Baroe	6 - 7.30.	Modjokerto	6 - 8.	Sediram	5.45 - 8.30.	Tjumahi
Djombang ¹⁾	7.30.	Moentilan	5 - 6 - 8.	Semarang:		Tomohon
Fort de Kock	7.30.	Muntok	8.	Gedangan	7 - 9.	Wates ⁷⁾
Gandjoeran ²⁾	7.	Ngawi ⁷⁾	7.30.	Bangkong	6.30 - 8.	Weltevreden:
Gombong ³⁾	7.30.	Padang	7 - 8.15 - 9 (tjina).	Tjandi	7.	Waterlooplein
Keboemén ⁴⁾	7.30.	Padang Pandjang	7.30.	Randoesari	7.	5.45 - 7 - 9.
Kediri	7.30.	Pajakoembo	7.30.	Singkawang	6.30 - 9.	Kramat
Klaten	7.30.	Palembang	7 - 9.	Soekaboemi	6 - 7.30.	Wonosobo ⁸⁾
Koeta Radja	6.30 - 8.	Pasoeroean ¹⁾	7.30.			Woloan

¹⁾ 1e. Achad.

²⁾ 1e. + 3e. Achad.

³⁾ 2e. Achad.

⁴⁾ 1e. Achad tiap² doea boelan.

⁵⁾ 1e., 2e., 4e. Achad.

⁶⁾ 2e., 4e. Achad.

⁷⁾ 3e. Achad.

⁸⁾ 4e. Achad.

MANTJA NAGARI.

NEDERLAND. Goepernoer Curaçao kinèndelan. Toewan Fruytier goepernoer Curaçao kinèndelan awit saking panjoewoenipoen pijambak. (Kèndelioen goepernoer poenika gagaojian kalijan gégeran ing Curaçao ingkang kalampah sawatasiswa woele kapengker. Kala samantun tindakipoen sang goepernoer winastanan boten prawira, ngengoetjemi kabangsan Walandi.)

BARITANIJAH. Mac Donald medar sabda. Premier Ramsay Mac Donald, kala tanggal 10 Nov. seborah. Sosorahipoen wonten ingkang asoeraos: angadjak Roeslan soepados toemoet réréntjang anggajoe roekoenoen nagari-nagari ing tañah Eropah. Kadjawi poenika, Mac Donald anerangaken: sedyanipoen goepernoer Indija Inggris, anggènipoen ngoemoemaken serat bab statut dominion (zie Sw. T. kapengker), poenika babar pisan boten angéwahaken politiekipoen Baritanijah sapoenika. Nanging namoeng preloe ngandelaken raos aos-ngaosan mangertos-mangertos.

Panedanipoen Padagangan. Padagangan ing Baritanijah sampoen sawatasiswa taoen ngangkah sageda tanggaling dinten Paskah poenika adje, boten éwah-éwah. Handel ing ngrikoe nedra pitoeloenganipoen ministeroerosan sadjawining nagari, soepados sasampoenipoen reremag-an kalijan nagari² ing Eropah sané-sipoen, ladjeng lalawanan kalijan Vaticaan preloe miterang kadospoendi pamanggihipoен babagan prakawis poenika.

PARANGAKIK. Oendoering ébah-ébahán kominis. Tijang kominis

400 ingkang kapilih dados warganining gemeente - gemeente kita ing koekoeban Paris, nalika dipoenkalempakan déning panitranning parté kominis, ingkang poeroendateng namoeng 94. Poenika mratélakaken moendoeripoen golongan kominis ing nagari ngrikoe.

DJERMAN. Student damel gègér. Ing universiteit Berlijn mentas wonten gégeran. Student golongan fascist sami njaroewé pangagenging pamoelangan ngrikoe, margi anggènipoen boten poeroen nganggep pakempalaning student-student woele dados wawakilipoen. Sasampoenipoen angandaraken katah-katah, studenten golongan fascist sami nedra soepados pangageng woele déngekéndeli kémawon; sarta ladeng madjeng sasarengan kalijan menjani lagoe fascist; sedyanipoen badé nandangi pangangengipoen. Nanging ladeng tjampoe kalijan student bangsa Jahoedi lan student - student sanésipoen, temahan kadtengen poelisi, sadaja sami késah.

ROESLAN. Kikirangan teda. Tijang tani bangsa Djerman 10.000 ingkang anggènipoen sami manggén wonten Siberië (tijang Katholiek, Protestant), sampoen 150 tacen, kapexa nilar papan ngrikoe, margi saking kikirangan teda. Titjjang woele pikantoek palilahipoen pangageng Soviet kesah bebara dateng Canada lan Argentinië.

Sanadyan Djerman boten anggadahi kawadjiban toemrap titjjang woele, margi poenika sampoen dados kawoela Roeslan, éwadéné sahaged-sagedipoen badé toetoeloeng.

Margi ing Canada pijambak sampoen katah sanget pandji klantoeng, titjjang woele boten saged manawi tijang Servië anama Radoloslovitch

makaten poenika, Djerman ihtiar tjalon njoekani papan titjjang woele.

Ing Roeslan pantjèn kikirangan teda. Sanadyan nagari sampoen nge-tog dajanipoen sageda njampedi kikirangan teda ing tanah Sovjet, éwadéné doemoegi sapriki taksih lestantoon tjomprang-tjamprèng.

ITALI. Papatjak énggal. Paréntah Fascist (tjalon) ngederalen papatjak énggal, lan kawrat wonten boekoe angger. Papatjak woele ngenggingi sadaja tijang Itali sanadyan ingkang manggén wonten sandjuning Itali pisan.

Papatjak énggal amatrapi oe-koom awrat sanget dateng bangsa Itali, ingkang nglampahi kadoerdjanan toemrap kabetahanipoen pradja, poenapadéné wewenang-wewenangipoen kawoela, boten predoeli toewohing kadoerdjanan woele saing prakawis politiek, ekonomie oetawi sabab sanésipoen. Paréntah fascist angawisi: „tetijangipoen boten kenging njoelajani kalijan kabetahan-kabetahanipoen politiek pradja Itali, boten predoeli poenapa sababipoen oetawi kados - poendi patrapipoen.“ Manoet papatjak énggal woele, boten namoeng manawi wonten panoen-toen fascist wonten sadjawining nagari dipoenpradja tijang kémawon, ingkang kenging katarik wonten pradata. Sanadyan kadoerdjanan politiek amengsah pradja Itali lan kawoelanipoen, sarta katindakaken wonten sadjawining Itali pisan, ingkang kenging kasereg wonten padagilan.

ITALI-SERVIË. Dajaning kawangsan. Kabar Reuter saking Belgrado 10 Nov. njarijosaken awit saking derenging panedanipoen waele Itali pangadilan Servië ngoekoem tijang Servië anama Radoloslovitch

dangoenipoen sawoelan, lan tijang satoenggal malih kantjanipoen Radoloslovitch : 5 dinten.

Tijang kaseboet nginggil, kenging prakawis njoewijah prijantoon diplo-maat golongan monter maboor bangsa Itali, nama Cassoni. Satoenggiling wekdal Cassoni njapélèkaken kita Belgrado lan bangsa Servie. Nalika samantun, Rodoloslovitch sèdagarsimoewoer lan ingkang ahli sport, mireng; Cassoni dipoenpoeroegi, lan dipoenpitakéni: „Apa? Belgrado kok arani koeta djember lan reged ??... O, nék ngono Rome i pada baé koeta djember, letek!“ Mireng temboeng woele, Cassoni moering, nabok Rodoloslovitch, nainggaling ladeng kawales dawah ga-langsaran, dodos bajangan.

Dados téteła Cassoni ingkang mi-witi. Ewadéné meksa Rodoloslovitch ingkang kblebet koendaran. Lan sampoenkaoekoem samantun poenika, titjjang Italiing ngrikoe meksa déréng nrimahaken.

IRAK. Premier djelèh gesang. Abdul Muhsin premier nagari Irak metjat njawanipoen pijambak sarana pistoel. Sang premier nilari serat anakipoen djaler asoeraos: titjjang Irak sami ngandel manawi badan-ipoen njidrani siti woetah rah lan dados poenggawaniopen Inggris. Minangka épahan anggènipoen ke-raja-raja nedya damel begdjaning bangsanipoen, kaserik-serikaken poenapa déné nandang rekaos warni-warni.

TIONGKOK. Tandanging ba-dag. Aneta saking Shanghai tanggal 9 Nov, martosaken kala 6 Nov. wonten baite ambekta bektan tijang poenapa déné barang katah, mlam-pah saking Wenchow badé dateng Shanghai, wonten tengah marge-

dipoendjarah - rajah badjag bangsa Tjina. Kapal woele anama Kwang-chi, sarta dipoenloewari sareng sampon tanggal 8.

Badjag - badjag anggènipoen a-nindakaken tjaranipoen inggih kádos adat, i. p. njalamer kados déne tijang kékésahan toemoet noempak kapal woele, nanging sareng wonten tengah margi ladeng ngrojok poeng-gawa - poenggawa kapal, angrebat bebektan.

Katjarisosaken, opsir-opsir Kwang-chi ingkang bangsa ngamantja sami wilodjeng, ananggat katedasan pa-ganggé saha arta.